

LEMBAR KERJA SISWA

# BAHASA JAWA

WULANGAN 1 : PRASTAWA BUDAYA



NAMA =

KELAS 6

MIM SANGGRONG PURWANTORO

I. Pilihlah salah siji wangsulan kang kokanggep paling bener!

1.  
Soal  
Hot

1. Teks utawa wacan iku maneka warna jinise. Ana teks sastra. Ana teks nonsastra. Teks sastra iku disusun kanthi tujuwan artistik migunakake basa lesan utawa tulisan. Teks nonsastra iku karangan ilmiah kang disusun kanthi tujuwan nambah wawasan sing maca. Teks sastra tuladhane teks drama, teks geguritan, teks legendha, lan sapanunggalane. Teks nonsastra tuladhane teks dheskripsi, teks eksposisi, teks pawarta, teks biografi, lan sapanunggalane. Teks kang isine nggambarake salah sawijine objek kanthi cetha diarani ....  
a. persuasi      c. dheskripsi  
b. eksposisi      d. argumentasi
2. Teks dheskripsi kaperang dadi ... jinis.  
a. lima      c. telu  
b. papat      d. loro
3. Kasenian reog iku asale saka tlatah ....  
a. Jawa Tengah      c. Jawa Barat  
b. Jawa Timur      d. Yogyakarta
4. Reog Ponorogo iku wis ana wiwit taun ....  
a. 1900-an      c. 1920-an  
b. 1910-an      d. 1930-an
5. Reca ing regole Kutha Ponorogo yaiku ....  
a. Warok lan Gemblak  
b. Warok lan Semar  
c. Gemblak lan Semar  
d. Semar lan Bagong
6. Tari kang nganggo jaran ing seni reog diarani ....  
a. jaranan      c. jathilan  
b. jaran bei      d. kuda lumping
7. Saben paragraf iku duweni .... pokok pikiran.  
a. siji      c. telu  
b. loro      d. papat
8. Supaya bisa nemokake pokok pikiran paragraf, wacane kudu diwaca ....  
a. saithik  
b. separo  
c. kabeh  
d. ora kudu rampung
9. Pokok pikiran iku minangka ukara kang paling umum banjur bisa dijlentrehake karo ....  
a. ukara utama      c. gagasan pokok  
b. ukara panjelas      d. gagasan utama
10. Tembung sekaten asale saka tembung ....  
a. sakatain      c. se + katen  
b. sekati + ten      d. syahadatain
11. Sing mandegani upacara sekaten, yaiku ....  
a. Sri Sultan Hamengkubuwana I  
b. Sri Sultan Hamengkubuwana II  
c. Sri Sunan Pakubuwana I  
d. Sri Mangkunegaran I
12. Upacara sekaten iku duweni ancas nyebarake agama ....  
a. Hindu      c. Islam  
b. Kristen      d. Buddha
13. Ing ngisor iki kang kalebu adicara ing upacara sekaten, *kajaba* ....  
a. pasar malem  
b. resik-resik dalan  
c. Grebeg Mulud  
d. Tumplak Wajik

14. Gamelan Kyai Guntur Sari lan Kyai Guntur Madu ditabuh nganti tanggal ....  
 a. 5 sasi Mulud c. 9 sasi Mulud  
 b. 7 sasi Mulud d. 11 sasi Mulud
15. Piranti kang digunakake kanggo kotekan ing adicara Tumplak Wajik, yaiku ....  
 a. lesung c. kentongan  
 b. ulegan d. gelas
16. Ubarampe kanggo nggawe *gunungan*, yaiku *kajaba* ....  
 a. beras ketan c. janganan  
 b. jenang lemu d. woh-wohan
17. Miturut Tjatur Sasongko unggah-ungguh basa iku ana 4, *kajaba* ....  
 a. krama alus c. krama lugu  
 b. basa Jawa d. ngoko lugu
18. Basa sing digunakake marang wong sing luwih tuwa yaiku ....  
 a. ngoko lugu c. krama lugu  
 b. ngoko alus d. krama alus
19. Basa sing digunakake wong saumuran sing isih ngajeni yaiku ....  
 a. ngoko lugu c. krama lugu  
 b. ngoko alus d. krama alus
20. Ing ngisor iki basa ngoko alus kang bener, yaiku ....  
 a. Bapak kondur saking Jakarta ngasta buku kathah.  
 b. Bapak wangsul saka Jakarta mbeta buku akeh.  
 c. Bapak kondur saka Jakarta ngasta buku akeh.  
 d. Bapak wangsul saking Jakarta ngasta buku akeh.

❖ *Jodhokna tembung ing sisih kiwa karo tegese ing sisih tengene!*

1 Direrenggani

2 Reca

3 Mula bukane

4 Wigati

5 Diwiwiti

● Dibukak a

● Asal usule b

● Penting c

● Patung d

● Dihias e

Wenehana tandha (✓) ing pranyatan sing B (bener) utawa S (salah) adhedhasar wacan "Reog Ponorogo"!

| No. | Pranyatan                                                                                                 | B | S |
|-----|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------|---|---|
| 1.  | Reog Ponorogo iku awale saka seni "barongan".                                                             |   |   |
| 2.  | Regol Kutha Ponorogo iku ana rerenggane Semar lan Bagong.                                                 |   |   |
| 3.  | Kasenian reog iku isih ngandhut swasana mistis lan ilmu kajawen.                                          |   |   |
| 4.  | Kasenian reog amung dipentasake ing resepsi wong nikahan.                                                 |   |   |
| 5.  | Pagelaran seni reog Ponorogo iku kasusun dening tarian pambuka, tarian inti, lan tarian panutup.          |   |   |
| 6.  | Para penari lanang ing tarian pambuka nggambarake wujud ula sing dawa.                                    |   |   |
| 7.  | Tarian pambuka seni reog kang isine penari wadon kang nunggang jaran jenenge jaran kepang utawa jathilan. |   |   |
| 8.  | Inti kasenian reog sing dipentasake ora gumantung karo kahanane adicara.                                  |   |   |
| 9.  | Topeng singa barong abote udakara 500 nganti 600 kilo.                                                    |   |   |
| 10. | Masyarakat Ponorogo wis ora gelem nguri-uri warisan para leluhure awujud kasenian reog.                   |   |   |